# 2023-jıl 31-yanvar kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń májilisler zalında xalıq mashqalaların aymaqlarǵa shıqqan halda úyreniw boyınsha Shtab shólkemlestirildi.

**Búgin, 2023-jıl 31-yanvar kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń májilisler zalında xalıq mashqalaların aymaqlarǵa shıqqan halda úyreniw boyınsha Shtab shólkemlestirildi. Onda, Ministrler Keńesiniń Baslıǵı F.Ermanov basshılıq etip, Ózbekstan Respublikası Ishki isler Ministriniń orınbasarı B.Abdullaev hám Ózbekstan Respublikası Milliy gvardiyası komandiri, general-mayor R.Djuraevlar qatnastı hám tiyisli mákemeler menen birgelikte isshi toparlar dúzildi.**

Image not found or type unknown

**Isshi topardıń tiykarǵı jónelisleri tómendegiler:**

- socialllıq infrastruktura obektleriniń real jaǵdayın, xalıqtı elektr energiyası, kómir, ishimlik suw menen úzliksiz támiyinlew dárejesin hámde puqaralardıń bul sistemadan razılıǵın úyreniw;

- gaz, elektr energiyası hám ishimlik suwınan kelip shıǵatuǵın avariyalıq jaǵdaylardıń erte aldın alıw, kóp qabatlı turaq jaylarda kommunal xızmet kórsetiwdiń sapasın anıqlaw;

- xalqımız ushın múnásip infrastruktura, tiykarınan mektepke shekemgi bilimlendiriw, mektepler, balalar maydanshaları hám xızmet kórsetiw orınların qurıw hám iskerligin jolǵa qoyıw barısında ámelge asırılıp atırılǵan jumıslar;

Image not found or type unknown

- joqarı oqıw orınları studentleri ushın jataqxana támiynatı, ijarada jasawshı studentlerdi qollap-quwatlaw hám qadaǵalawǵa alıw, olardıń bos waqıtların mazmunlı ótkeriw, bántligin támiyinleniw jumıslarınıń jaǵdayı;

- turaqlı jasaw ornı bolmaǵan puqaralardı reabilitaciya etiw oraylarına jaylastırıw, narkologiya dispanserleri, medicinalıq birlespelerindegi jaratılǵan sharayatlar menen jaqınnan tanısıw;

- tutınıw bazarlarındaǵı bahalardıń turaqlılıǵın, azıq-awqat rezervleriniń barlıǵın hámde isbilermenler ushın qolay sharayatlar jaratılǵanlıǵın úyreniw;

Image not found or type unknown

- xalıqtıń kúnlik talabı ushın awıl xojalıǵı ónimlerin ishki imkanıyatlardan kelip shıqqan halda jetkerip beriw, qosımsha zárúr bolǵan ónimler rezervin qáliplestiriw boyınsha shártnamalar dúzilgenligin anıqlaw;

- nızamsız isbilermenlik penen shuǵıllanıw, bahalardı sebepsiz arttırıw, nadurıs básekilik ortalıǵın jaratıw sıyaqlı nızamǵa qayshı jaǵdaylarǵa shek qoyılǵanlıǵın tekseriw;

Image not found or type unknown

- qıytaq jerdi rawajlandırıw, bos jatqan jerlerdi ózlestiriw, awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıw barısında ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń jaǵdayı;

- bazarlarda puqaralar, fermerler hám awıl xojalıǵı jónelisindegi isbilermenlik subektleri ushın ishki bazarda satıw ushın jeterli sharayatlar jaratılǵanlıǵı;

- isbilermenlik subektleriniń iskerligine nızamsız aralasıwına jol qoymaw hám basqa da wazıypalar belgilep berildi.

Image not found or type unknown

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Málimleme Xızmeti**